
Цызэ мыда1у
Фатимет Тлепшукова

**Фатимет Тлепшукова**

# Цызэ мыда1у

*https://litres.ru/74441888*
*SelfPub; 2026*

## Аннотация

"Сказка про непослушного бельчонка"для детей 4-7 лет, на адыгейском языке. Эта история о приключениях маленького, но любознательного и отважного, бельчонка Шустрика который ушел в лес Мэздах без разрешения родителей. С ним случились забавные приключения. Бельчонок Шустрик ушёл далеко от дома и заблудился. Затем он испугался эхо, к нему прилипла противная паутина, встретился со страшным коршуном, переночевал в норе ёжика. В конце сказки добрый ёжик проводил бельчонка домой. Семья Шустрика очень обрадовалась возвращению бельчонка.

# Содержание

Глава 4
Конец ознакомительного фрагмента. 7

# Цызэ мыда1у

## Глава

Мэздахэ хэт сэснэй чъыгышхом игъурб цызэ унагъо щыпсэущтыгъ. Цызэ унагъом кIэлитIу ПкIэтэлъатэрэ ПсынкIэцIыкIурэ иIагъ.

Зы чIыпIэ гупсэфэу зэримысым фэшI нахьыкIэм ПсынкIэцIыкIукIэ еджэщтыгъэх. чъыг къутамэм ыкъогъу къохъухьэри, пырапыцом хэс псэушъхьэри ащ шIогъэшIэгъоныгъ. А нахьэу гупсэфыгъо къезымытыщтыгъэр Нэгыежъ Iуашъхьэ ыкIыб щыIэр ары, ау Iуашъхьэм дэкIоенэу е шIокIынэу янэ къыфидэщтыгъэп.

-А ПсынкIэцIыкIу, чыжьэу уIумыкI, - еIо хьаIуцIыкIухэр къутамэм пызышIэрэ цызэм янэ, - Мэздахэ чIыпIэ гъэшIэгъоныбэ иI, арэу щытми щынагъо ухэфэныр зэуи арэп.

-Чыжьэу чъыгым удэмыпкIай, - еIо цызэм ятэ, - укIодымэ удгъотыжьыщтэп.

ИмыщыкIэгъэ Iоф горэ ренэу ПкIэтэлъатэ зэрэхафэрэм

фэшI ышнахьыжъ къыдэхьащхыщтыгъ.

Унагъом исхэм къыраIорэм ПсынкIэцIыкIу ядэIу къодыягъ, ау ыгукIэ зэриIожьыщтыгъ: «Сэ ины сыхъугъ! ЗэкIэри сэшIэ!».

**ПсынкIэцIыкIу чыжьэу зэрэIукIыгъэм икъэбар**

Тыгъэпс пчэдыжь горэм мэз гъэхъунэм дэжъыехэр къыщиугъоинэу цызэ анэр кIуагъэ. ЧIыунэ гъэтIылъыпIэм илъ шхыныр ыуплъэкIунэу ятэ чIэхьагъ. Чъыг гъурбым ПкIэтэлъатэ къинагъ, сэснэй щэкъмарыр ышхэу щысыгъ.

ПсынкIэцIыкIу езэщэу фежьагъ.

-Сэ сыкIон сэснэй чъыгым икъутамэ тIэкIурэ сытесын, зи къысщышIынэп, - ыIуи чъыг гъурбым къикIыгъ.

Анахь лъхъанчэу чъыгым иIэ къутамэм тIэкIурэ тесыгъ. ДжабгъумкIэ хьампIырашъор быбэу къылъэгъугъ. СэмэгумкIэ къэгъэгъэ дэхэ дэдэ къэкIэу гу лъитагъ. А къэгъагъэм епэмыгъ. Зэплъэм, лъэгъожъыем уцы къашхъор дахэу къыщыкIэу ылъэгъугъ.

-СыкIонышъ уц къашхъом тIэкIу къыщыскIухьан, - зэриIожьыгъ ащ.

КIомэ кIозэ, пкIэтэ-лъатэзэ мэз гъэхъунэ дахэм IукIагъ. Ащ маткIо итэкъуагъэу къылъэгъугъ. Цызэ цIыкIум маткIокIэ зигъэшхэкIи, игъогу пидзэжьыгъ. Мэз гъэхъунэм псыш-

куашко речъэкIэу къылъэгъугъ. Дэгъоу зигъэшъокIи цызэ ащ елъагъ. Мэз пырапыцом цызэр къыхэхьагъ. Ар шIункIыгъ, чъыгхэр лъэгагъэх, тыгъэ нэбзыи къыпхыридзыщтыгъэп.

Цызэ цIыкIум зиплъыхьагъ. Тыдэ щыIа сэснэй чъыгыр? Лъэгъожъыери хэкIокIагъ, ар къэщтагъ.

-Мам! Пап! ПкIэтэлъат! - ымакъэ зэрэфэлъэкIэу ПсынкIэцIыкIу къэкууагъ.

Ау тыди щыкIым-сымыгъ, зы макъи къэIущтыгъэп. Чыжьэу пхъуIур чъыгым еуIоу ытхьакIумэ къыридзагъ.

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.